



Delaware
Department of Education

Echantiyonaj Dlo Potab nan lekòl Delaware

Fich Ransèyman pou Fanmi yo

Eta Delaware angaje l pou l asire dlo potab sekirize nan tout lekòl nan Delaware. Sa enkli kontwòl pou prezans plon nan sistèm dlo epi travay ak lekòl yo pou ede diminye oubyen elimine nenpòt pwoblèm. An Oktòb 2022, ak sipò yon don ki soti nan men Ajans Pwoteksyon Anviwònman federal (Environmental Protection Agency, EPA, an anglè), Ministè Edikasyon nan Delaware (Department of Education, DOE, an anglè) ansanm ak sipò Divizyon Sante Piblik nan Delaware (Division of Public Health, DPH, an anglè) te kòmanse inisyativ echantiyonaj nan lekòl Delaware pou idantifye nivo plon ki nan sistèm dlo potab pou ede redwi danje ekspozisyon a plon nan dlo potab lekòl yo. Premye echantiyon yo endike plon ka reprezante yon pwoblèm nan yon kantite limite aparèy nan yon ti kantite lekòl epi li pa t endike pwoblèm onivo lekòl yo anjeneral.

Pandan bildin yo te fèmen akòz COVID-19, premye echantiyonaj yo te teste bildin ki te gen dlo dòmi pandan yon gwo peryòd tan. Pandan tan sa a, yo te teste pwen ki gen dlo ki pa pou konsomasyon ke yo pa atann kòm sous ekspozisyon pou kominote lekòl yo. Gen nesosite pou bi byen kominike rezilta tès yo nan pwochen etap echantiyonaj la ki te kòmanse an Desanm 2022. Pou etap sa a, DOE te anboche Batta Environmental Associates, Inc, yon konsiltan anviwònman ki baze nan Newark, pou yo te re-teste tout aparèy ki te inisyman teste nan nivo 7.5 ppb (eleman sou yon milya) oubyen pi wo ak tout pwen konsomasyon nan tout lekòl onivo eta a.

Aktyèlman, tout aparèy yo ki te teste nan 7.5 ppb (eleman sou yon milya) oubyen pi wo, yo te oubyen fèmen yo oubyen te mete siyalizasyon ki avèti dlo sa a pa bon pou konsomasyon. Pou nou asire sekirite etidyan ak pwofesè nou yo, reprezantan lekòl yo ak ekip sondaj eta a te konfime sa. Anplis de aparèy sa yo, pandan re-echantiyonaj la ap kontinye, ou ka obsève yo fèmen aparèy adisyonèl pou evalyasyon apwofondi oubyen yo ouvri aparèy yo ankò apre prekosyon te fin pran pou redwi danje oubyen echantiyonaj adisyonèl endike aparèy la nan nivo ki enferyè ak nivo aksyon an. Pandan y ap aplike remedyasyon, ou ka obsève yo retire, ranplase aparèy oubyen enstale filtrasyon. Menmsi disponiblite kèk aparèy ka reprezante kèk difikilte, nou vle asire w premye priorite nou se sekirite tout moun nan lekòl nou yo. Nou pral sèlman rann aparèy ak pwen konsomasyon disponib depi nou konnen yo sekirize.

Re-echantiyonaj ak nouvo tès yo te kòmanse nan fen Desanm 2022 epi y ap dire kèk mwa pou yo fini. Nou pral pataje rezilta yo ak direktè jeneral konsène yo ak lidè lekòl a chat yo apre nou resevwa yo nan men laboratwa a, epi distri/lekòl a chat yo pral pataje rezilta yo ak nenpòt lòt etap ak kominote espesifik yo. Yo pral afiche rezilta ak mizajou nan de.gov/schoolwater.

Danje Plon

Plon se pwazon pou timoun ak adilt. Timoun piti patikilyèman vilnerab devan plon paske efè fizik ak konpòtmantal plon aktive nan nivo ekspozisyon ki enferyè nan timoun parapò ak nan adilt. Nan timoun, nivo ekspozisyon ki ba te asosye ak domaj kont sistèm neve santral ak perefèrik, pwoblèm aprantisaj, wotè ki pi kout, pwoblèm tandè, ak fòmasyon ak fonksyonman diminye nan selil sangan. EPA estime dlo potab ka reprezante jiska 20% oubyen plis nan ekspozisyon total yon moun a plon. [Dapre CDC](https://www.cdc.gov/), anpil sous ka enplike nan mennen a kondisyon kote gen yon gwo kantite plon nan san, sous yo enkli penti, tè, ak dlo pou bwè. Si w panse ou menm oubyen pitit ou te ekspoze a plon, ou ta dwe chache konsèy nan men yon founisè swen medikal. Konbyen tan li pran pou diminye yon nivo plon elve nan san depann de pwa moun lan, kantite ekspozisyon soti nan touche plon aktyèlman ale jiska nan plon atravè pousyè, ak lòt faktè. Anjeneral, se ekspozisyon, repete ak kontini ki kreye yon nivo plon elve nan san.

Kijan plon ka antre nan dlo lekòl timoun ou an

Plon ka antre nan dlo pou bwè lè aparèy plonbri ki gen plon vini wouye. Sous plon ki pi komen nan dlo pou bwè se tiyo an kwiv ki gen soudi an plon, tiyo galvanize, robinè, kou kana an plon, ak liy sèvis an plon (LSL, an anglè). Jeneralman, pi gwo sous plon nan dlo soti nan LSLs. LSLs se tiyo an plon ki konekte lekòl oubyen edifis lan ak kanal dlo prensipal la. Gen anpil chans pou w rankontre tiyo an plon nan estrikti ki konstwi anvan 1986. Pou lekòl ki san LSLs, sous plon ki pi komen soti nan plonbri ki gen soudi an plon ak kwiv oubyen robinè kwiv kwome.

Gen yon seri faktè ki enplike nan sa ki gen rapò ak kijan plon antre nan dlo, sa enkli chimi dlo a, tanperati dlo a, nan ki nivo tiyo yo wouye, konbyen tan dlo a rete dòmi nan tiyo yo (sa vle di, si edifis la te fèmen pandan yon tan epi dlo pa t koule), epi ak ki kantite plon dlo a antre an kontak. Pou detèmine sous plon nan dlo pou bwè, ekspè yo itilize metòd echantiyonaj espesifik ak obsèvasyon nan lokal la pandan evalyasyon yo. Depi yo fin idantifye sous la, DPH ka rekòmande solisyon a kou tèm ak a lon tèm bay enstalasyon an.

Li obligatwa pou sistèm dlo piblik yo fè echantiyonaj pou plon ak kwiv dapre Lwa Plon ak Kwiv EPA a (Lead and Copper Rule, LCR, an anglè) Tout rezilta echantiyonaj yo, sa enkli eksè, rapòte nan Rapò Konfyans Konsomatè ki distribye anyèlman bay konsomatè ki anndan jiridiksyon sistèm dlo piblik yo. Nenpòt eksè nan sistèm lan adrese annakò ak LCR la, tipikman atravè aksyon tankou edikasyon piblik, tretman yo rele kontwòl kowozyon, ak ranplasman liy sèvis plon. An konsekans, dlo ki soti nan sistèm dlo piblik la gen mwens chans pou l reprezante yon sous plon konsiderab nan dlo pou bwè epi li antre nan sistèm lan atravè lòt wout, espesyalman liy sèvis plon, plonbri entèn, oubyen aparèy endividyèl.

Aksyon pou Redwi Plon nan Dlo pou bwè

Kou tèm

- Netwaye ayeratè robinè a
- Devlope ak ekzekite yon pwogram rensaj
- Enstale yon filtrasyon nan pwen itilizasyon an
- Nan fason tanporè, fèmen robinè a oubyen vàn si lokal la itilize pou konsomasyon

Lon tèm

- Ranplase robinè/aparèy
- Ranplase tiyo oubyen plonbri ki genyen plon/soudi plon
- Retire liy sèvis plon

Resous

- CDC “Sous plon: Dlo” <http://www.cdc.gov/nceh/lead/tips/water.htm>
- EPA “3T pou redwi plon nan dlo pou bwè nan lekòl ak etablisman gadri timoun” <https://www.epa.gov/system/files/documents/2021-07/epa-3ts-guidance-document-english.pdf>
- EPA “Enfòmasyon Debaz sou Plon nan Dlo Potab” <https://www.epa.gov/ground-water-and-drinking-water/basic-information-about-lead-drinking-water>